

**TINDAK TUTUR LOKUSI NGANDHARAKE LAN PERLOKUSI DIREKTIF SAJRONE PAMAOSAN
FRMAN ING GKJW JATIWRINGIN**

Yoseph Vischa Prinanda

Pembimbing: Dr. Murdiyanto, M.Hum.

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA (vischaprinanda@gmail.com)

Abstrak
ABSTRAK

Tindak tutur ngandharake yaiku salah siji pamerange tindak tutur lokusi sing gunane kanggo ngandharake tuladhane sajrone pamaosan firman. Tindak tutur perlokusi direktif yaiku tindak tutur perlokusi kang ngasilake efek arupa tindakan kang ditindakake dening panutur kang disebutake sajrone tuturane sacara langsung lan ora langsung kanggo mangaribawani mitra tutur. Sumber dhata sajrone panliten iki arupa tuturan kang dituturake dening pamaos firman lan saka Alkitab. Sumber dhata sajrone skripsi iki kadadéyan saka Ibadah saben minggu ing GKJW Jatiwringin wiwit tanggal 01 Januari 2018 nganti 27 Juni 2018.

Underane panliten iki yaiku (1) Apa wae jinise tindak tutur lokusi ngandharake sajrone pamaosan firman adhedhasar lageyane panutur ing GKJW Jatiwringin? (2) Apa wae isine Tindak Tutur lokusi ngandharake sajrone pamaosan firman adhedhasar panampene mitra tutur ing GKJW Jatiwringin? (3) Kepriye Tindak Tutur Perlokusi direktif kang digunakake sajrone pamaosan firman ing GKJW Jatiwringin?. Adhedhasar punjere panliten kasebut tujuwane panliten iki yaiku njlentrehake jenis tindak tutur lokusi ngandharake, isine tindak tutur lokusi ngandharake, lan tindak tutur perlokusi direktif sajrone pamaosan firman adhedhasar lageyane panutur ing GKJW Jatiwringin.

Jinise panliten iki yaiku deskriptif introspektif. Asil panliten yaiku TTLNLPD sajrone pamaosan firman ing GKJW Jatiwringin adhedhasar lageyane penutur cara blaka lan cara ora blaka. Asil panliten adhedhasar isi tuturan ana lima yaiku nuturi, mbiwarakake, martakake, nuduhake lan nyritakake, lan uga wujud tindak tutur perlokusi direktif.

Kata kunci: Lokusi Ngandharake, Perlokusi Direktif, Pamaosan Firman.

PURWAKA

Landhesan Panliten

Tindak tutur lokusi ngandharake lan perlokusi direktif (sabanjure TTLNLPD) sajrone pamaosan firman iki mujudake salah sijine jinis tindak tutur konstatif kang kerep digunakake jemaat Gereja Kristen Jawi Wetan (sabanjure GKJW) sajrone pamaosan firman ing ibadah minggu. Jemaat GKJW mligine jemaat GKJW Jatiwringin kerep nindakake tindak tutur lokusi ngandharake, amarga saben ana ibadah minggu utawa ibadah liya-liyane mesti ana pamaosan firman ingkang mujudake TTLNLPD. TTLNLPD dumadi karana panutur nduweni kekarepan menehi wejangan marang mitra tutur jalaran saka bab kang wis ditindakake utawa bab kang durung ditindakake dening mitratutur. Ngandharake ing sajrone urip bebrayan diwujudake lumantar pocapan, kanthi ngomongi.

Panliti anggone milih tindak tutur lokusi ngandharake lan perlokusi direktif ing pamaosan

firman amarga sajrone pamaosan fiman nduweni sipat kang mirunggan. Pamaosan firman iku nduweni daya pangaribawa kang njalari manungsa nglakoni tumindak kang becik. Pamaosan firman nduweni sipat ngejak uga ngongkon dudu nduweni sipat meksa, jumbuh klawan titikan perlokusi direktif kang ngejak uga ngongkon. Saliyane kuwi pamaosan firman yaiku reroncening sajrone adhicara ibadah minggu kang minangka ibadah wajib tumrape umat kristiani kanggo manambah marang Gusti. Ibadah uga nduweni guna tumrape manungsa supaya luwih isa manambah marang Gusti kang ora karana kepeksa.

Teori tindak tutur kang diasilake para ahli sasuwene iki kang misuwur salah sijine yaiku teorine Austin (ing Ibrahim, 1993:111) kang merang tindak tutur adhedhasar penanggape mitratutur dadi telu yaiku lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Saka panliten kang wis tau ditindakake nganggo teori kang wis ana, panliten-panliten sadurunge durung

ngonceki kanthi jero babagan tindak tutur lokusi ngandharake kang ndayani jinise tindak tutur. Kamangka jinise tindak tutur bisa kadayan saka komponen sosial utawa aspek sosial kayata struktur sosial, relasi sosial, lan uga norma sosial. Labov (ing Sumarsono, 2002:50) ngandharake yen struktur sosial bisa ndayani becike basa ing masyarakat.

Struktur sosial yaiku sesambungan saben individu kang ana saj rone masyarakat kang ndadekake nilai norma lan peraturan kang ditindakake ing masyarakat. Struktur sosial ing sajrone pasamuwan GKJW ndadekake salah sawijining relasi sosial amarga hubungan timbal balik antaraning pawongan siji lan liyane. Tindak tutur lokusi ngandharake ing sajrone pamaosan firman iki kadayan dening struktur sosial masyarakat pasamuwan GKJW jalaran anane sesambungan antarane jemaat karo gereja. Relasi sosial antaraning jemaat lan majelis ing sajroning pangibadah nalikane pamaosan firman ndadekake salah sawijining nilai sosial, norma sosial lan aturan-aturan sing ana ing pasamuwan GKJW kayata kesopanan, solidaritas lan uga luwih ngregani nalikane pamaos firman utawa majelis ngandharake isi firman kang katulis ing sajrone alkitab.

Pamaosan firman iki dipilih amarga tata cara anggone nindakake pamaosan firman iki wis dirantam kanthi sistematis utawa urut. Tata cara iki diarani liturgi greja. Liturgi ing greja iki kawiwitan saka pendhita donga, banjur puji-pujian kang ditindakake para jemaat lan pandhita. Sabanjure pendhita menehi firman kang isine arupa ayat-ayat sajrone injil utawa alkitab, banjur diterusake puji-pujian. Sawise puji-pujian banjur pendhita ndonga banjur diterusake khotbah. Tata cara sawise khotbah yaiku donga, atur pisungsung, puji-pujian, donga lan dipungkasi puji-pujian. Saka liturgi iki mau kang bisa mbedakake antarane tata cara pamaosan firman ing greja lan tata cara pamaosan firman ing papan pangibadah liyane. Mula saka iku dipilih pamaosan firman ing greja kanggo panliten.

Pamaosan firman ing greja iki bisa ditemokake sajrone ritual utawa upacara ing greja. Panliten iki njupuk dhata saka kebaktian minggu ing GKJW Jatiwringin. Anggone milih pamaosan firman kebaktian minggu ing greja amarga saben minggu mesthi ana upacara utawa ibadah ing greja. Mula saka iku dipilih pamaosan firman kebaktian minggu ing greja supaya bisa ngentukake dhata saka greja kang dadi papan kanggo njupuk dhata sajrone panliten iki.

GKJW yaiku Greja Kristen Jawi Wetan kang manggon ing Jawi Wetan. Cacahe GKJW ing Jawi Wetan akeh banget, saben kutha mesti ana. Cacahe GKJW kang akeh ora bisa mujudake Panliten kanthi

jero lan jlimet. Mula saka iku perlu diwenahi watesan. Panliten iki mung njupuk pembacaan Firman ing GKJW Jatiwringin ing Kediri.

Miturut Bob Sorge (2016), sajrone buku 'Mengungkap Segi Pujian dan Penyembahan'. Pamaosan firman pada dene manembah ing gusti. Sedayanipun seratan kang dipunilhami dening gusti nduweni manfaat yaiku kagem ngakoni kaluputan, uga piwulang supaya urip ing ngalam ndonya bisa dados manungsa kang becik. Kabeh cara iku mau apik kanthi prajanjian iku mau bisa dadi berkat ana ing ngarsane gusti.

Sajrone buku 'Mengungkap Segi Pujian dan Penyembahan', miturut (Bob Sorge, 2016:76) pamaosan firman nduweni teges cecaturan antarane gusti lan manungsa, salah sawijine dialog kang ana ing sajrone panguripan tiyang kristen. Ora mung kanggo ngibadah, pamaosan Firman uga kanggo informasi lan arahan, tuntunan panguripan, lan kudu kepriye anggone manungsa nglakoni panguripan ing alam donya. Pembacaan Firman iki uga bisa diarani ungkapan syukur marang gusti kang wis menehi berkat saben dinane

Ngrembug pamaosan Firman umat kristiani, kalebu ing kajian Pragmatik yaiku Tindak tutur. Tindak tutur yaiku gejala individual kang asipat psikologis lan kalangsungane ditentokake dening kabisan basa panutur sajrone ngadhepi kahanan tartamtu (Ibrahim, 1993). Penerapan tindak tutur bisa ditemokake ana ing sajrone pamaosan Firman umat Kristiani.

Adhedasar panliten kang ditindakake dening panliti, Dusun Jatiwringin Desa Sukoharjo Kecamatan Kayen Kidul Kab Kediri jumbuh karo objek panliten sabab lingkungan kasebut, masyarakate kristen kang saben dina minggu nglakokake ibadah ing GKJW jatiwringin. Kejaba saka kuwi, informan utawa kang bakal disuwuni informasi kang dibutuhake lan dhata kang dibutuhake panliti luwih jangkep.

Alasan panliten iki yaiku adhedasar pamikiran, antarane kang sepisanan yaiku ngibadah minangka salah siji piranti kang digunakake kanggo manembah marang Gusti kang awujud pamaosan Firman umat Kristiani. Kang narik kawigaten ing pamaosan Firman umat Kristiani iki yaiku komunikasi searah kang nduweni sifat informasi, adhedasar bab kasebut panliti bakal nliti pamaosan Firman umat Kristiani bisa diteliti nganggo tindak tutur lokusine kang nduweni dhasar utawa adhedhasar lageane panutur lan panampane mitra tutur uga nggunakake perlokusi direktif kang nduweni daya pangaribawa supaya uripe manungsa utawa mitra tutur luwih apik.

Tindak tutur lokusi ngandharake lan perlokusi direktif sajrone pamaosan Firman durung

ana panliti kang nliti mula saka kuwi panliten iki bisa dianggep hal kang anyar. Tindak tutur lokusi ngandharake lan perlokusi direktif, dianggep trep kanggo nliti pamaosan Firman sabab informasi kang diandarake wis pasti arupa informasi kang satemene bisa dibuktikake kanthi dasar fakta lan data.

Adhedhasar bab kasebut, panliten bakal neliti ngenani ' Tindak Tutur Lokusi ngandharake lan perlokusi direktif sajrone pamaosan Firman Ibadah Minggu Umat Kristiani Ing GKJW Jatiwringin Desa Sukoharjo, Kecamatan Kayen kidul, Kabupaten Kediri.

Underane panliten

Adhedhasar saka lelandhesan panliten bisa didudut underane kang kaya mangkene, yaiku:

- (1) Apa wae jinise tindak tutur lokusi ngandharake sajrone pamaosan firman adhedhasar lageyane panutur ing GKJW Jatiwringin?
- (2) Apa wae isine Tindak Tutur Lokusi Ngandharake Sajrone Pamaosan Firman adhedhasar panampene mitra tutur ing GKJW Jatiwringin ?
- (3) Kepriye Tindak Tutur Perlokusi direktif kang digunakake sajrone Pamaosan Firman ing GKJW Jatiwringin?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underan panliten ing dhuwur, tujuwan panliten iki yaiku:

- (1) Njlentrehake jinise tindak tutur lokusi ngandharake sajrone pamaosan firman adhedhasar lageyane panutur ing GKJW Jatiwringin.
- (2) Njlentrehake isi ne tindak tutur lokusi ngandharake sajrone pamaosan firman adhedhasar panampene mitra tutur ing GKJW Jatiwringin.
- (3) Njlentrehake wujud tindak tutur perlokusi direktif sajrone pamaosan firman ing GKJW Jatiwringin.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Konsep-Konsep ing Panliten Iki

Tindak tutur lokusi yaiku salah sawijining bab sing dirembug ing tindak tutur. Austin ngandharake yen sing dirembug ing tindak tutur ana telu yaiku tindak tutur lokusi, ilokusi lan perlokusi. Dene sing dadi tema ing panliten iki yaiku tindak tutur lokusi kanthi topik ngandharake.

Uga dijelasne teori kang gegayutan karo tindak tutur lokusi sing digunakake yaiku (1) tindak tutur (2) kahanan ujar utawa konteks (3) jinis tindak tutur (4) ngandharake minangka tindak tutur lokusi, (5) sumbere tindak tutur lokusi ngndharake , (6) teges lan titikane TTLNLPD , (7) wujud ukara ing TTLNLPD, (8) jinise TTLNLPD adhedhasar lageyane panutur, (9) jinise TTLNLPD adhedhasar panampene mitra tutur.

Tindak Tutur

Tindak tutur minangka kajian kang wigati sajrone pragmatik. Teori tindak tutur (*speech act*) wiwitane saka ceramah kang dituturake dening filosof Inggris, Jhon L. Austin ing taun 1955 ing Universitas Harvad kang diterbitake ing taun 1962. Kanthi irah-irahan *How to do thinks with words*. Beda karo pamawas sadurunge kang diandharake dening Austin (1962:98-99) kang nyebutake yen pancen dhasare nalika pawongan ngandharake samubarang, dheweke uga nindakake samubarang. Banjur Austin merang tindak tutur dadi telu yaiku tindak lokusi, tindak ilokusi, tindak perlokusi. Banjur Searle (1975) nduweni pamawas yen unsur kang paling cilik sajrone *komunikasi* yaiku tindak tutur kayata *menyatakan*, (*micara*), *membuat pertanyaan* (*menehi pitakonan*), *memberikan perintah* (*menehi perintah*), *menjelaskan* (*ngandharake*), *minta maaf* (*nyuwun ngapura*), *mengucapkan selamat* (*ngucapake mangayubagya*) lan sapiturute.

Searle (1975) merang tindak tutur dadi telung jinis kang beda yaiku tindak lokusioner (*locutionary act*), tindak ilokusioner (*ilocationary act*) lan tindak perlokusioner (*perlocutionary act*). Searle (sajrone Surana,2015:5) merang telung wujud tindakan sing bisa diwujudake panutur, yaiku (1) tindakan njlentrehake samubarang, (2) tindakan nindhakake samubarang, (3) tindakan mangaribawani lawan tutur. tindakan- tindakan kasebut diatur dening norma sajrone nggunakake basa sajrone wong siji lan sijine (Schmidt lan Richards sajrone Nadar 2009:14). Sajrone kajian pragmatik konteks uga wigati sajrone tindak tutur. Konteks tuturan uga bisa mangaribawani panutur lan mitra tutur kanggo mahami tindak tutur.

Kahanan Ujar utawa Konteks

Yule (sajrone Iros, 2017:15) kahanan ujar yaiku salah sawijining kegiatan kang para pelakune *berinteraksi* nggunakake basa kanthi nggunakake cara *konvensional* kang nduweni tujuwan ngasilake salahsawijining bab kang wigati.

Jinise Tindak Tutur

Jinise tindak tutur kaperang dadi telu yaiku tindak tutur lokusi, tindak tutur ilokusi lan tindak tutur perlokusi (Austin sajrone Tarigan 2009:34). Ing panliten ngenani 'Tindak Tutur lokusi ngandharake sajrone Pamaosan Firman umat kristiani ing GKJW Jatiwringin', panliti ngunakake fokus tindak tutur lokusi amarga panliti nduweni penemu yen tinak tutur lokusi trep klawan pamaosan firman umat kristiani.

Tindak Tutur Lokusi

Tindak tutur lokusi yaiku tindak tutur kang fungsine kanggo menehi informasi, biyasane tindak lokusi dianggep kurang wigati sajrone kajian tindak tutur (Searle sajrone Nadar 2009:14). Miturut Wijana (1996:17-20), tindak tutur lokusi yaiku tindak tutur kang dimaksudake kanggo ngandharake samubarang kang nduweni fungsi kanggo menehi informasi antarane panutur marang mitra tutur.

Tindak Tutur Ilokusi

Tindak Tutur Ilokusi yaiku tindak tutur kang nduweni fungsi kanggo nindakake samubarang sajrone ngandharake samubarang. Tindak ilokusi minangka *The Act of Doing Shometing*. (Yayat, 2006:150) ilokusi (*illocutinary act*) yaiku nindakake tumindak sajrone nuturake samubarang. Tindak ilokusi minangka pengiriman wacana kang arupa *komunikasi* antarpribadi (pangucapan-panyimaan), kaya nggawe *pernyataan, pertanyaan, perintah* Austin (sajrone Yayat 2006:150). Banjur Rohmadi ngandharake (2014:31) ngandharake yen tindak ilokusi yaiku tindak tutur kang nduweni fungsi kanggo menehi *informasi* ngenani samubarang. Miturut Searle (sajrone Nadar, 2009: 14) tindak tutur ilokusi yaiku apa kang pingin digayuh dening panutur nalika nututurake samubarang.

Tindak Tutur Perlokusi

Tindak tutur perlokusi yaiku tuturan kang diandharake nduweni daya pangaribawa (*perlocutionary force*) utawa efek kanggo mitra tutur (Wijana, 1996:19). Efek tawa daya pangaribawa iki bisa disengaja utawa ora *dikreasikan* dening panutur. Tindak tutur kang nduweni maksud kanggo mangaribawani lawan tutur disebut tindak tutur perlokusi (Nadar, 2009:15). Tindak iki disebut *The act of affecting someone*. Tindak tutur perlokusi nunjuk wong kang dituju kayata:

meyakinkan, menipu, memperdaya, membohongi, menganjurkan, membesarkan hati, menjengkelkan, mengganggu, mendongkolkkan, menakuti, memikat, menawan, menggelikan hati, mengancam, mengalihkan, mengganggu, membingungkan. (Nadar, 2009:15). Dadi, perlokusi minangka tuturan kang dituturake dening panutur lan nduweni *efek* utawa daya pangaribawa kanthi nuturake samubarang. *Efek* utawa daya tuturan kuwi bisa kedadeyan saka panutur kanti cara sengaja utawa ora sengaja.

Jinise Tindak Tutur Perlokusi

Jinis tindak tutur adhedasar fungsi kaperang dadi limang jinis yaiku tindak tutur perlokusi *representatif, direktif, komisif, ekspresif* lan *deklaratif*. Perangan-perangane kayata:

1. Tindak Tutur Perlokusi Representatif

Tindak tutur perlokusi representatif yaiku salah siji tindak tutur kang bisa digunakake kanggo nuturake proposisi utawa micara ngenani bab-bab kang dinilai bener lan apa anane dening panutur marang mitra tutur (Tarigan, 2009:42). Tindak tutur iki uga menehi pangaribawa tumrap mitra tutur supaya apa kang dikarepake panutur ditindakake. Tuturan kang kalebu sajrone tindak tutur *representatif* kayata: *menyatakan, menuntut, mengakui, melaporkan, menunjukkan, menyebutkan, memberikan, kesaksian, berspekulasi, lan sapiturute* (Rustono 1999:38).

2. Tindak Tutur Perlokusi Direktif

Tindak tutur perlokusi direktif yaiku tindak tutur perlokusi kang ngasilake efek arupa tindakan kang ditindakake dening panutur kang disebutake sajrone tuturane sacara langsung lan ora langsung kanggo mangaribawani mitra tutur Searle (Wijana dan Rohmadi, 2010). Tindak tutur iki uga menehi pangaribawa tumrap mitra tutur supaya apa kang dikarepake panutur ditindakake. Tuturan kang kalebu sajrone tindak tutur *direktif* kayata: *memaksa, mengajak, meminta, menyuruh, menagih, mendesak, memohon, menyarankan, memerintah, memberikan aba-aba, menentang, lan sapiturute* Searle sajrone (Wijana dan Rohmadi, 2010). Direktif miturut Prayitno (sajrone Kristanti, 2014:14) yaiku tuturan sing nduweni teges mrentah marang mitra tutur supaya nindhakake samubarang.

3. Tindak Tutur Perlokusi Ekspresif

Tindak tutur perlokusi ekspresif yaiku tindak tutur perlokusi kang nduweni fungsi kanggo *menyerukan*; minangka ujaran kang digunakake kanggo nyatake sikap *psikologis* panutur tumrap kedadeyan Searle (Wijana dan Rohmadi, 2010).

Tindak tutur iki uga menehi pangaribawa tumrap mitra tutur supaya apa kang dikarepake panutur ditindakake. Tuturan kang kalebu sajrone tindak tutur *ekspresif* kayata: *memuji, mengucapkan terima kasih, mengkritik, mengeluh, menyalahkan, menyatakan selamat, menyanjung* (Rustono 1999:39).

4. Tindak Tutur Perlokusi Komisif

Tindak tutur perlokusi komisif yaiku tindak tutur kang nduweni maksud panutur supaya bisa ditegesi minangka evaluasi apa kang disebutake sajrone tuturane. disebutkan dalam tuturannya itu. Tindak tutur iki uga menehi pangaribawa tumrap mitra tutur supaya apa kang dikarepake panutur ditindakake. Tuturan kang kalebu tindak tutur *komisif* kayata: *Berjanji, bersumpah, mengancam, menyatakan kesanggupan, berkaul, menawarkan, termasuk dalam tuturan ini Searle (Wijana dan Rohmadi, 2010).*

5. Tindak Tutur Perlokusi Deklaratif

Tindak tutur perlokusi deklaratif yaiku tindak tutur kang nduweni maksud panutur kanggo nyiptakake hal (status, kahanan, lan sapitunggalane) kang anyar lan nuwuhake pangaribawa tumrap mitra tutur. Tindak tutur iki uga menehi pangaribawa tumrap mitra tutur supaya apa kang dikarepake panutur ditindakake. Tuturan kang kalebu sajrone tindak tutur *deklaratif* kayata: *mengesahkan, memutuskan, membatalkan, melarang, mengizinkan, mengabulkan, mengangkat, menggolongkan, mengampuni, memaafkan* (Rustono 1999:40).

Ngandharake Minangka Tindak Tutur Lokusi

Ngandharake yaiku pocapan sing nuduhake utawa njlentrehake salah sawijining bab kang wigati utawa salah sawijining bab kang ora di ngerteni dening mitratutur. Searle (sajrone Rahardi, 2005:35-36) njlentrehake yen pakaryan ngandharake kagolong ing sajrone tindak proposisional (propositional act) yaiku tindak nuturake ukara. Dene (Ibrahim, 1993:115) nggolongake ngandharake ing sajrone tindak tutur lokusi. Pangaribawa lokusi kasebut yaiku makna dasar lan makna kang nengenake tuturan sing ditindakake panutur. Tindak lokusi ngandharake lumrahe nggunakake ukara kang cetha. Kanthi dasar kasebut pamaosan firman kagolong ing sajrone kategori TTLNLPD.

Sumbere Tindak Tutur Lokusi Ngandharake

Wong sing nindakake TTLNLPD ora tuwuh tanpa sebab nanging ana sumber sing njalari salah sawijine yaiu referensi. Referensi dhewe nduweni teges sumbere pituduh (Pranowo, 2001:260). Mula

saka iku yen di sambungake saka tegese TTLNLPD cetha yen ta sumbere TTLNLPD yaiku referensi.

Teges Lan Titikane Tindak Tutur Lokusi Ngandharake

Titikane Ngandharake yaiku kanthi anane tembung panandha 'ngandharake'. Titikan linguistik liyane yaiku ukara Ngandharake bisa awujud tembung. Tindak tutur lokusi njlentrehake yen panutur nduweni niat ngandharake bab kang wigati kanthi cara langsung, tanpa kudu dilakoni apa isi tuturan kasebut dening mitratutur.

Wujude Ukara ing Tindak Tutur Lokusi Ngandharake

TTLNLPD diwujudake kanthi ukara lumantar andharan lesan dening panutur. Sasuwene iki durung ana panliten sing njlentrehake Ngandharake kalebu ukara apa. Wujude ukara TTLNLPD bisa awujud tembung. Tindak tutur kang diteliti, mligi ing TTLNLPD. Ngandharake yaiku njlentrehake, ngucapake, menehi kawruh kanthi cara gamblang ngenani samubarang saengga wong liya bisa mbayangake kanthi cara namung ngrungokake tembung-tembung kang wis dipocapake. Miturut Keraf (1982: 26) Ngandharake mujudake metode kanggo nganakake gambaran utawa panjlentrehan kang khusus sajeroning prinsip umum utawa gagasan umum.

Ukara Crita

TTLNLPD lumrahe yaiku medharake rasa pangrasane panutur nggunakake ukara crita. Antonsuhono (1956:127) ngandharake yen ukara crita iku ukara wedhare gagasane manungsa, tumuju marang wong kang diajak guneman, supaya mangerti apa bae kang diwedherake, magepokan awake dhewe utawa wong liya, nyritakake kedadeyan kang mentas rinungu, dideleng, rinasa, menehi wawasan, pitutur, nerokake gunem lsp.

Ukara Pakon

Ukara Pakon sajrone TTLNLPD lumrahe digunakake kanggo abang-abang lambe. Ukara Pakon utawa prentah yaiku gagasan tumuju wong kang kaping pindho supaya nglakoni utawa nindakake pagawean. Ukara pakon iki uga nduweni teges menging, nantang, ngece, ngetogake, lan nglulu (Antonsuhono, 1956:30). Miturut Wedhawati (2006:463) ukara pakon yaiku ukara kang diwedharake dening panutur kang ngemu

surasa mrentah mitra tutur supaya nindakake apa kang diandharake dening panutur. Dene miturut Setyanto (2007:228) ukara pakon yaiku wedhare pikiran tumuju marang wong kapindho supaya nglakoni pegawean kaya dene kang dikarepake dening wong kapisan.

Jinise Tindak Tutur Lokusi Ngandharake Adhedhasar Lageyane Panutur

Jinise TTLNLPD Adhedhasar Lageyane Panutur bisa diperang dadi loro. Miturut Searle sajrone Gunarwan (2004:9) merang tindak tutur adhedhasar tatacara medharake dadi loro yoiku tindak tutur cara blaka lan tindak tutur ora blaka.

Tindak Tutur Cara blaka

Miturut Djajasudarma (1994:65) tatacara cara blakanuduhake gunane sajrone kahanan (tumindak) lan literal (jumbuh karo kasunyatan). Cara blakayaiku ngomong sanyatane, ora ana maksud kang ditutupi utawa didhelikake. Panutur milih cara cara blakaawit ana enem alasan yaiku (1) panutur oleh panyengkuyung kanggo dheweke saka wong liya, (2) panutur oleh kapercayan ngenani sipat jujure kanthi dheweke nuduhake yen dheweke percaya marang mitra tutur, (3) panutur oleh kapercaya amarga blaka, (4) ngadohi prasangka alat saumpama dheweke dianggep manipulator, (5) panutur ngadohi salah tampa, lan (6) panutur bisa ndandani maneh apa kang dirusak dening tumindak kang ora ngajeni (Brown lan Levinson sajrone Nadar, 2009:38).

Tindak Tutur Cara Ora blaka

Guneman kanthi ora cara blakabisa diarani samudana kang disengaja kanthi maksud kang didhelikake ing suwalike rerakiting tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tertamtu. Miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:38), panutur nggunakake cara samudana krana patang sebab yaiku (1) panutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora arep meksa mitra tutur, (2) panutur ngadohi yen saumpama dheweke bakal dadi rerasan wong liya, (3) panutur ngadohi tanggung jawab minangka pawongan kang dianggep ora ngajeni mitra tutur, lan (4) panutur kanthi cara ora langsung menehi kalonggaran mitra tuture kanggo nggatekake kekarepane.

Jinise Tindak Tutur Lokusi Ngandharake Adhedhasar Isi Tuturan

Adhedhasar pamerang saka Searle sajrone Ibrahim (1993:15), tindak tutur lokusi komunikatif kaperang dadi papat, yaiku konstatif, direktif, komisif, lan acknowledgments kanthi dhasar panampane mitratutur. Salah sijine perangan sakakonstatif yaiku informatif. Tindak tutur informatif iki kaperang dadi wolu, diwawas saka isi tuturane. Wolung perangan iku kaya kang diandharake ing ngisor iki.

1) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Nuturi

Nuturi nduweni teges ngandhani. Nuturi isine arupa pitutur lan nduweni tujuwan kang meh padha karo TTLNLPD. Tujuwane nuturi yaiku menehi Pitutur ngenani sawijine bab kanthi njlimet. TTLNLPD kalebu ing perangan iki krana antarane ngandharake lan nuturi nduweni titikan kang padha.

2) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Mbiwarakake

Mbiwarakake nduweni teges mbiwarakake sawijine warta. Tujuwan e sak mbiwarakake yaiku supaya bisa ngandharake kabar supaya bisa diweruhi dening masyarakat umum. Mbiwarakake nduweni sipat umum dadi kabeh manungsa bisa mangerteni apa kang biwarake. Mbiwarake bisa awujud lisan uga bisa tulisan. Mbiwarakake iki isine yaiku arupa pewarta, mula TTLNLPD kalebu ing perangan iki.

3) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Martakake

TTLNLPD kalebu ing perangan iki krana martakake isine arupa pawarta. Dene TTLNLPD nduweni teges menehi kabar utawa warta marang mitratutur. Martakake uga bisa ditegesi tembung kriya kang nduweni teges ngabari, ing panliten iki kang martakake yaiku majelis minangka pamaos ing sajrone firman ibadah minggu.

4) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Negesake

Negesake nduweni teges nerangake kanthi cetha. Negesake uga bisa ditegesi ngandharake salah sawijining bab kanthi cara teges apa anane lan uga ora mangu-mangu. TTLNLPD ora kalebu ing perangan iki amarga ing pamaosan firman panutur amung ngandharake apa kang wis katulis ing sajrone Alkitab ora negesi apa kang diwaca.

5) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Nglapurake

Nglapurake nduweni teges menehi laporan. TTLNLPD ora kalebu ing perangan iki, amarga laporan iku ana kang arupa pawarta. Nglapurake uga bisa ditegesi ngandrake apa kang dilakoni utawa ditandangi dening salah sawijining *individu* utawa pawongan.

6) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Nuduhake

Nuduhake nduweni teges menehi weruh ngenani sawijine bab. Utawa bisa ditegesi nerangake salah sawijining bab kang ora dimangerteni dening liyan. TTLNLPD kalebu perangan iki jalaran pamaos firman nuduhake apa wae sabdane Gusti kang wis katulis ing sajrone Alkitab.

7) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Nyritakake

Nyritakake nduweni teges menehi crita marang mitratutur. TTLNLPD kalebu perangan iki amarga sajrone Alkitab iku isine crita. Crita ing sajrone Alkitab akeh banget tuladhane crita ngenani Gusti kang nitahake langit lan saisine, nyeritakake nalika Gusti Yesus kang nglampahi sangsara ana ing ngalam ndonya kanggo nebusa dosane para manungsa lan liya-liyane isih akeh.

8) Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Mentestify utawa menehi paseksen

Menehi paseksen iki ateges menehi paseksen tumrap mitratutur. Menehi paseksen uga bisa ditegesi menehi katrangan marang mitratutur. TTLNLPD ora kalebu ing perangan iki jalaran sajrone pamaosan firman panutur mung maca sabdane Gusti kang katulis ing sajrone Alkitab.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake ing Konteks Pamaosan Firman.

Pragmatik iku ilmu basa kang nyinaoni tumindak linguistik karo kontekse (Tarigan, 2009:6). Cummings (1999:5) nandhesake yen pragmatik ora bisa ditegesi kanthi jangkep yen kontekse ora disebutake. Konteks sawijine donya kang diisi dening wong-wong sing ngasilake pocapan (Schriffin, 2007:547). Parera (1990:120) njlentrehake konteks iku sawijine kahanan sing dumadi saka anane setting, kagiyatan, lan relasi. Yen dumadi interaksi antarane telung pirangan kuwi mula bakal mujudake konteks.

Setting yaiku kahanan, wektu, lan papan panggonan nalika TTLNLPD Pamaosan Firman ditindakake. Kahanan iki uga bisa kalebu kahanan resmi amarga ditindakake wayah ibadah. Kagiyatan yaiku kabeh tingkah laku sing dumadi sajrone interaksi sosial TTLNLPD Pamaosan Firman.

Kagiyatan kuwi uga ngenani tindak verbal lan nonverbal. Dene relasi yaiku sesambungan antarane panutur lan mitratutur kang nindakake TTLNLPD. Sesambungan kuwi ditemtokake dening (1) jenis kelamin, (2) umur, (3) kalungguhan, (4) sesambungan kluwarga, (5) sesambungan kadhinasan: umum, militer, pendhidhikan, kepegawaian, majikan, buruh, lan sapanunggalane.

METODHE PANLITEN

Bab iki bakal diandharake ancangan kang digawe dhasar panliten. Dene bab iki isine yaiku ancangan panliten, dhata lan sumber dhata, instrumen pengumpulan dhata, tata cara pengumpulan dhata, instrumen panliten, tata cara nintingi dhata, lan tata cara nulis asiling panliten.

Ancangan Panliten

Ing subbab iki diandharake ngenani titikan panliten. Titikan kuwi kaperang dadi loro yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten.

Jinise Panliten

Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku njlentrehake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, pragmatik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2009:4)

Sipate Panliten

Panliten tindak tutur lokusi ngandharake lan perlokusi direktif sajrone pamaosan firman ing GKJW Jatiwringin nduweni sipat *introspektif*. Metode introspektif yaiku metode nyuguhake dhata kanthi manfaatne *intuisi* kabasan panliti kang nlitu basa kang dibisani kanggo nyuguhake dhata kang diperlokake kanggo analisis kang trep tumrap tujuwan panlitene. Upaya manfaatké sakabehe kanthi cara *optimal* peran panliti minangka panutur basa tanpa ngilangi peran kapanlitenan kasebut (Sudaryanto: 1993a lan 1993b sajrone Mahsud). Metode iki nduweni guna kanggao nginceki *identitas* kang mbentuk basa kang bisa ndadekake pawongan nemtokake *satuan lingual* tertamtu kaya kang durung jelas status linguale tuladhane wacana (Sudaryanto: 1993b sajrone mahsun).

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata lan dhata panliten minangka perangan kang ora bisa diilangi. Perangan iki wigati banget kanggo njangkepi panliten, amarga yen ora

ana dhata mula panliten ora bisa mlaku, saka dhata kuwi mangko banjur dianalisis lan bisa tuwuh dudutan sing dikarepake dening panliti. Sumber dhata lan dhata bakal diandharake ing ngisor iki.

Sumber Dhata

Miturut Arikunto (2006:128) sumber dhata bisa kaperang dadi rong jinis, yaiku sumber *primer* lan sumber *sekunder*. Sumber primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliti tuladhane yaiku dhata kang diolehi saka majelis utawa pendhita, dene sumber sekunder yaiku sumber kang kanthi ora langsung menehi dhata marang panliten iki tuladhane nyatet nalikane pamaosan firman ing adhicara ibadah minggu.

Sumber dhata (Arikunto, 2006:129) yaiku sumber subjek saka ngendi dhata bisa dikumpulake. Dhata panliten yaiku skabehe fakta kang bisa didadekake bahan anggone nyusun informasi apa dene gawe bukti saperangan hipotesis sajrone panliten. Sumber dhata sajrone panliten iki arupa tuturan kang dituturake dening pamaos firman lan saka Alkitab.

Dhata Panliten

Dhata minangka peranan kang wigati sajroning panliten. Tanpa anane dhata ora bisa ditindakake sawijing panliten, Miturut Arikunto (2010:161) dhata minangka asil saka cathetan panliti kang arupa fakta utawa angka.

Panliten iki nggunakake dhata primer utawa dhata utama. Dhata primere yaiku arupa basa sing digunakake ing pamaosan firman umat kristiani. Basa kasebut banjur di analisis supaya bisa digoleki TTLNLPD sajrone pamaosan firman ibadah minggu ing GKJW Jatiwringin.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku sawijine alat kanggo ngukur fenomena alam utawa sosial apa kang bakal diamati (Sugiyono, 2012:102). Miturut Arikunto (2010:101) instrumen yaiku alat bantu kanggo nglumpukake dhata supaya gampang lan sistematis. Panliten iki nggunakake instrumen panliten yaiku:

- a. Panliti yaiku wong kang ngliti panliten kasebut. Panliti minangka instrumen utama amarga

panliti kasebut kang mangerteni perkara kang arep digoleki.

- b. Laptop minangka salah siji piranti kang digawe nggarap sumber dhata kang awujud *Firman ibadah minggu*.

Piranti kanggo nulis kang digawe nulis bab-bab kang diperlokake. Piranti kanggo nulis minangka instrumen panyengkuyung.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Sajrone panliten kualitatif, teknik nglumpukake dhata kang utama kang utama yaiku teknik *dokumentasi* yaiku nggoleki dhata-dhata ngenani bab-bab kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, lengger, ageda lan liya-liyane (Arikunto, 2010:161) Teknik dokumentasi iki digunakake kanggo mangerteni gambaran umum ngenani dhata-dhata kang selaras karo panliten iki. Saengga dhata kang ana bisa luwih dipercaya. Dokumen kang ana yaiku arupa tuturan kang ana ing pamaosan firman ibadah minggu ing GKJW Jatiwringin. Kanthi nggunakake piranti *laptop* lan alat tulis. Cathet yaiku nulis samubarang kang dianggep wigati lan ana sambung rakete karo panliten kang ditindhakake. Sajrone panliten iki kang jangkep wigati yaiku milah-milah dhata, tetembungan kang digunakake, bab-bab kang urung dimangerteni lan wektu sajrone tuturan.

Tatacara Ngandharake Dhata

Sawise dhata kang dikarepake wis nglumpuk banjur dhata kuwi diolah, kanthi nggayutake adhedhasar lageyane panutur panampane mitratutur uga wujud tindak tutur perlokusi direktif saka dhata kang wis mlumpuk banjur ditemtokake metode kanggo ngolah dhata kasebut yaiku kanthi metode klasifikasi, deskriptif, lan distribusional.

Metode klasifikasi yaiku nglumpukake utawa nggolongake dhata adhedhasar punjere panliten. (Sutabri, 2012:3). Miturut Sugiyono (2012: 21) metode deskriptif ing kene tegese tata cara njlentrehake dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka subjek panliten. Dene metode distribusional yaiku njlentrehake dhata kang arupa basa kanthi nemtokake perangane basa iku dhewe, utawa

wujud lan blegere basa kang digunakake. (Arikunto, 2006: 23)

Tatacarane nyuguhake asil saka njlentrehan dhata yaiku kanthi cara ngandharake asil njlentrehan dhata kang awujud lapuran observasi ngenani jinis-jinis TTLNLPD ing jemaat GKJW Jatiwringin kanthi metode informal (Sudaryanto, 1993:144). Dhata ing panliten iki mung nggunakake metode informal yaiku ngandharake dhata kanthi nggunakake basa. Dhasar kang digunakake yaiku lageyane panutur, panampane mitratutur kanthi landhesan konteks sosial uga efek pangaribawa tuturan tumrap mitratutur. Dhata kang wis digolongake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Dhata-dhata sing wis diklumpukake banjur diandharake lan dijlentrehake adhedhasar jinis. Jinise TTLN diperang dadi loro yaiku adhedhasar lageyane panutur lan panampane mitratutur. Lageyane panutur diperang dadi loro jenis. Dene panampane mitratutur diperang dadi pitu jenis.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake Adhedhasar Lageyane Panutur

Ing subbab iki diandharake jinis TTLN andhedhasar lageyane panutur. TTLN adhedhasar lageyane panutur kena daya pangaribawa saka sumber. Sumber TTLN adhedhasar proses sosial diperang dadi loro yaiku pocapan lan solah bawa. Jenis TTLN adhedhasar lageyane panutur kanthi cara panutur medharake diperang dadi loro yaiku cara blakalan ora blaka. Jinis kang diperang dadi loro kasebut banjur dadi dhasar kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata ing ngisor iki.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake Cara blaka

TTLN kanthi cara blaka iki diandharake tanpa anane abang-abang lambe. Panutur ngandharake kanthi cara blaka apa anane marang mitra tuture ngenani apa kang dikarepake dening panutur. Ngandharake pamaosan firman perlu ditindakake dening Majelis kanggo sarana menehi wejangan utawa ngandhani jemaat supaya dadi wong kang luwih becik tinimbang sadurunge. Sakabehe jemaat lumrahe manut marang Gustine. Dene majelis milih ngandharake kanthi cara cara blakaamarga majelis nduweni wewenang kang mirunggan tumrap kabecikane jemaat. TTLN

konteks. Teks arupa wedharan TTLNLPD yaiku tumindak cecaturan antarane panutur lan mitra tutur. Dene konteks sosial kang dijlentrehake kuwi ngenani struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Konteks sosial ing kene yaiku relasi sosiokultural kang njangkepi sesambungane panutur lan mitra tutur nalika cecaturan, Searle (sajrone, Mulyana, 2005:24). Struktur sosial kuwi nengenake ngenani kalungguhane panutur lan mitra tutur ing bebrayan. Relasi sosial yaiku sesambungan antarane panutur lan mitra tutur, dene kahanan sosial ing kene nduweni teges wektu cecaturan antarane panutur lan mitra tutur.

dikarepake bisa awèh piwulang marang jemaat supaya jemaat bisa dadi pawongan kang luwih becik tinimbang sadurunge lan becik ing pasrawungan masyarakat. Tuladhane TTLN kanthi cara blaka tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

1. Tekane para pandhita (Minggu, 7 Januari 2018-MADC- MAT 2:1-12)

'Orang-orang majus dari timur'

- (1) Nalika Gusti Yesus wus miyos ana ing kutha Betlehem ing tanah Yudea, yaiku nalika jumenenge Sang Prabu Herodhes, banjur ana pandhita-pandhita saka ing tanah wetan padha teka ing kutha Yerusalem

'Sesudah Yesus dilahirkan di Betlehem di tanah Yudea pada zaman raja Herodes, datanglah orang-orang majus dari Timur ke Yerusalem'

- (2) lan takon-takon: 'Ratunipun tiyang Yahudi ingkang nembe miyos punika wonten ing pundi? Margi kula sampun sami sumerep lintangipun wonten ing wetan, dene anggen kula mriki punika badhe sami sujud wonten ing ngarsanipun.'

'dan bertanya-tanya: 'Di manakah Dia, raja orang Yahudi yang baru dilahirkan itu? Kami telah melihat bintang-Nya di Timur dan kami datang untuk menyembah Dia.'

- (3) Bareng Sang Prabu Herodhes miyarsa kang mangkono iku, banget getere, mangkono uga wong sakutha Yerusalem kabèh.

'Ketika raja Herodes mendengar hal itu terkejutlah ia beserta seluruh Yerusalem.'

Konteks : nalika pamaosan firman ing ibadah minggu , 7 Januari 2018. Kanthi tema pamaosane yaiku Tekane para pandhita

(Mat-UE-JKL-SESS/UB-UE-UT-SESC-SESS-SESD-RPG: resmi)

Tuturan TTLN (1-3) dituturake dening Majelis Daniel Dwi Cahyono kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutur kanthi umur tuwa, enom, uga umur bocah, jinis kelamin lanang lan wedok, status ekonomi cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi sak pasamuhan ing GKJW Jatiwringin. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan resmi.

Panutur nindakake TTLN sajrone adhicara ibadah minggu , 7 Januari 2018. Kedadeyan kuwi dumadi ing GKJW lan ditindakake dening majelis marang jemaat. Tatacara sing digunakake yaiku cara blaka. Tatacara cara blaka kuwi ngandharake pamaosan firman kanthi tema 'Tekane para pandhita' tanpa ana abang-abang lambe.

Wujud ukara iki TTLN kuwi yaiku ukara crita. Panutur nggunakake cara blaka awit ngadohi salah tanpa antaraning panutur lan mitra tutur karena crita iku kang dilakoni ing kalahiran Gusti Yesus.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake Cara Ora Blaka

Guneman kanthi cara ora blaka bisa diarani samudana kang disengaja kanthi maksud kang didhelikake ing suwalike rerakiting tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tertamtu. Miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:38), panutur nggunakake cara samudana krana patang sebab yaiku (1) panutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora arep meksa mitra tutur, (2) panutur ngadohi yen saumpama dheweke bakal dadi rerasan wong liya, (3) panutur ngadohi tanggung jawab minangka pawongan kang dianggep ora ngajeni mitra tutur, lan (4) panutur kanthi cara ora langsung menehi kalonggaran mitra tutur kanggo nggatekake kekarepane. Tuladhane TTLN kanthi cara ora blaka bisa dideleng ing ngisor iki.

2. Bab pangadilan kang wekasan (Minggu, 1 Januari 2018- MADC- MAT 25:31-46)

'Penghakiman terakhir'

(4) 'Besuk manawa Putraning Manungsa rawuh ngagem kamulyane lan sakabehing padha ndherekake, Panjenengane banjur lenggah ing dhampar kamulyan.

'Apabila Anak Manusia datang dalam kemuliaan-Nya dan semua malaikat bersama-sama dengan Dia, maka Ia akan bersemayam di atas takhta kemuliaan-Nya.'

(5) Sakehing bangsa nuli bakal kklumpukake ana ing ngarsane lan bakal kapisah-pisah siji lan sijine, kayadene pangon anggone ndhewek-ndhewekake wedhus gembel karo wedhus jawa,

'Lalu semua bangsa akan dikumpulkan di hadapan-Nya dan Ia akan memisahkan mereka seorang dari pada seorang, sama seperti gembala memisahkan domba dari kambing,'

(6) Kang gembel dipapanake ana ing tengene, dene wedhus jawa ana ing kiwane.

'dan Ia akan menempatkan domba-domba di sebelah kanan-Nya dan kambing-kambing di sebelah kiri-Nya.'

Konteks : nalika pamaosan firman ing ibadah minggu , 1 Januari 2018. Kanthi tema pamaosane yaiku Bab pangadilan kang wekasan.

(MAT-UE-JKL-SESS/UB-UE-UT-SESC-SESS-SESD-RPG: resmi)

Dhata TTLN (4-6) ing ndhuwur dituturake dening majelis kang asama aris dwi cahyono kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan marang jemaat kang umur tuwa, enom, uga umur bocah,. Status sosial kalorone cendhek sarta relasi sosiale cedhak banget antarane majelis marang jemaat. Status ekonomi sosial sedhengan . Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu resmi nalika panutur lan mitra tutur ibadah ing GKJW Jatiwringin.

Panutur nindakake TTLN kanthi cara ora blaka awit nggunakake abang-abang lambe. Kanthi cara ora blaka ing ndhuwur yaiku nggambarake yen mbesok wis titi wancine putraning manungsa kang kebak kamulyan bakal milah lan milih sapa kang

pantes nderekake panjenengane lan kang ora pantes nderekake panjenengane.

Ukara kang digunakake awujud ukara pakon. Ukara pakon kanthi cara ora blaka sajrone pamaosan firman ing ibadah minggu 1 januari 2018 yaiku kita minangka umate gusti kudu bisa nglakokake apa kang dipintahake dening gusti lan nurut apa kang di ngendikaake dening gusti yen ora bakale lumebu ing siksa langgeng.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake Adhedhasar Isi Tuturan

Sajrone subbab iki bakal ngandharake lan njlentrehake ngenani jinis-jinise TTLN sajrone pamaosan firman ing GKJW Jatiwringin adhedhasar isi tuturan kang ditampa dening mitra tutur. Adhedhasar isi tuturan bisa kaperang dari lima (5) yaiku nuturi, mbiwarakake, martakake, nuduhake lan nyritakake. Luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Nuturi

TTLN adhedhasar isi tuturan kang nuturi nduweni teges ngandhani. Tujuwane nuturi yaiku menehi pitutur ngenani sawijinine bab kang njlimet.

3. Gusti Yesus wiwit paring sumurup bab bakal sangsara lan sedane; Petrus kadukanan (Minggu, 25 FEBRUARI 2018- MRTG- MAR 8:31-38)

'Pemberitahuan pertama tentang penderitaan Yesus dan syarat-syarat mengikut dia'

(7) Gusti Yesus tumuli wiwit mulang marang para sakabate, yen Putraning manungsa iku kudu nglampahi sangsara akeh, sarta ditampik dening para pinituwa lan para pangareping imam tuwin para ahli Toret, banjur disedani lan sawise telung dina wungu maneh.

'Kemudian mulailah Yesus mengajarkan kepada mereka, bahwa Anak Manusia harus menanggung banyak penderitaan dan ditolak oleh tua-tua, imam-imam kepala dan ahli-ahli Taurat, lalu dibunuh dan bangkit sesudah tiga hari.'

(8) Bab iki dipangandikakake kanthi ngeblak. Nanging Petrus banjur nggered minggir Gusti Yesus lan ngaturi pepenget Panjenengane.

'Hal ini dikatakan-Nya dengan terus terang. Tetapi Petrus menarik Yesus ke samping dan menegur Dia.'

(9) Gusti Yesus nuli minger lan kalawan mirsani para sakabate, Petrus didukani: 'Sumingkira, heh, Iblis, sabab kowe ora mikir apa kang digalih dening Gusti Allah, nanging apa kang dipikir dening manungsa.'

'Maka berpalinglah Yesus dan sambil memandang murid-murid-Nya Ia memarahi Petrus, kata-Nya: 'Enyallah Iblis, sebab engkau bukan memikirkan apa yang dipikirkan Allah, melainkan apa yang dipikirkan manusia.'

(10) Gusti Yesus tumuli nimbali wong akeh karo para sakabate sarta padha dipangandikani mangkene: 'Saben wong kang arep ngetut-buri Aku, iku nyingkura marang awake dhewe, ngangkata salibe lan melua Aku.

'Lalu Yesus memanggil orang banyak dan murid-murid-Nya dan berkata kepada mereka: 'Setiap orang yang mau mengikut Aku, ia harus menyangkal dirinya, memikul salibnya dan mengikut Aku.'

(11) Amarga sing sapa kumudu-kudu nylametake nyawane, iku bakal kelangan nyawane, nanging sing sapa kelangan nyawane marga saka Aku lan marga saka Injil, iku bakal nylametake nyawane.

'Karena siapa yang mau menyelamatkan nyawanya, ia akan kehilangan nyawanya; tetapi barangsiapa kehilangan nyawanya karena Aku dan karena Injil, ia akan menyelamatkannya.'

Tuturan TTLN (7-11) dituturake dening Majelis Roy Tri Cahyono kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutur kanthi umur tuwa, enom, uga umur bocah, jinis kelamin lanang lan wedok, status ekonomi cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi sak pasamuhan ing GKJW Jatiwringin. Dene kahanan sosial ing tuturan kuwi yaiku kahanan kang resmi.

Dhata ing nduwur mujudake TTLN kang wujud nuturi adhedhasar isi saka tuturan. Wujud isi kang nuturi saka dhata ing nduwur utawa saka pamaosan markus 8 ayat 31-38 mligine ana ing ayat 31-35 yaiku kabeh manungsa ing ngalam ndonya iki bakal nglakoni sangsara sajrone panguripane nanging sapa kang pracaya marang gusti lan uga gelem mikul salibe kang nduweni teges miturut marang laku jlantraning gusti bakal di

slametake lan dipunparingi kamulyan ing swarga ing tembe mburine.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Mbiwarakake

4. Sakabate Gusti Yesus kang kawitan (Minggu, 14 Januari 2018- MSA- YOH 1:43-51)

'murid-murid Yesus yang pertama'

(12) Natanael banjur munjuk: 'Paduka nguningani kawula saking pundi?' Gusti Yesus mangsuli pangandikane: 'Sadurunge kowe diajak dening Filipus, Aku weruh kowe ana ing sangisore wit anjir.'

'Kata Natanael kepada-Nya: 'Bagaimana Engkau mengenal aku?' Jawab Yesus kepadanya: 'Sebelum Filipus memanggil engkau, Aku telah melihat engkau di bawah pohon ara.'

(13) Natanael munjuk maneh: 'Dhuh Rabbi, paduka punika Putranipun Allah, Paduka punika Ratunipun Israel.'

'Kata Natanael kepada-Nya: 'Rabi, Engkau Anak Allah, Engkau Raja orang Israel!'

(14) Gusti Yesus mangsuli pangandikane: 'Olehmu pracaya iku apa awit anggon-Ku pitutur ing kowe: Aku weruh kowe ana ing sangisore wit anjir? Kowe bakal weruh lelakon-lelakon kang luwih elok katimbang karo iku.'

'Yesus menjawab, kata-Nya: 'Karena Aku berkata kepadamu: Aku melihat engkau di bawah pohon ara, maka engkau percaya? Engkau akan melihat hal-hal yang lebih besar dari pada itu.'

(15) Banjur dipangandikani dening Gusti Yesus mangkene: 'Satemene pitutur-Ku ing kowe, kowe bakal padha weruh langit menga, lan para malaekating Allah padha mudhun lan munggah marang Putraning Manungsa.'

'Lalu kata Yesus kepadanya: 'Aku berkata kepadamu, sesungguhnya engkau akan melihat langit terbuka dan malaikat-malaikat Allah turun naik kepada Anak Manusia.'

Tuturan TTLN (12-15) dituturake dening Majelis Sasmoko Adi umur tuwa, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan.

Mitratutur kanthi umur tuwa, enom, uga umur bocah, jinis kelamin lanang lan wedok, status ekonomi cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi sak pasamuhan ing GKJW Jatiwringin. Dene kahanan sosial ing tu turan kuwi yaiku kahanan kang resmi.

Isi saka tuturan kang bisa di tanpa mitra tutur sajrone dhta ing nduwur utawa pamaosan firman saka Yohanes 1 ayat 43-51 yaiku mbiwarake mligine ayat 48-51. Mbiwarakake yen ta gusti mangerteni apa wae kang di tindakake dening manungsa lan uga malaikat-malaikat bakal tumuran marang manungsa supaya bisa nuntun lakuning manungsa ing ngalam ndonya.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Martakake

5. Tekane para pandhita (Minggu, 7 Januari 2018- MADC, MAT 2:1-12)

'Orang-orang majus dari timur'

(16) nuli padha didhawuhi menyang ing Betlehem sarta kaweling: 'Padha mangkata, titi-priksanen sing tlesih bab Sang Timur iku, dene samangsa wus ketemu, enggal padha ngunjukana uninga marang aku, supaya aku iya bisa mrana ngabekti marang Panjenengane.'

'Kemudian ia menyuruh mereka ke Betlehem, katanya: 'Pergi dan selidikilah dengan seksama hal-hal mengenai Anak itu dan segera sesudah kamu menemukan Dia, kabarkanlah kepadaku supaya aku pun datang menyembah Dia.'

(17) Para pandhita sawise nampani pangandikane Sang Nata, banjur padha mangkat. Lah ing kono lintang kang wus dideleng ana ing wetan, iku ndhisiki lakune tumeka ing padunungane Sang Timur lan mandheg ing sandhuwure.

'Setelah mendengar kata-kata raja itu, berangkatlah mereka. Dan lihatlah, bintang yang mereka lihat di Timur itu mendahului mereka hingga tiba dan berhenti di atas tempat, di mana Anak itu berada.'

(18) Bareng weruh lintang mau, padha banget bungahe.

'Ketika mereka melihat bintang itu, sangat bersukacitalah mereka.'

(19) Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maryam kang ibu, nuli padha sumungkem sujud marang Panjenengane. Banjur padha mbukaki pethine raja-brana, Panjenengane disaosi pisungsung arupa mas, menyan lan blendok mur.

'Maka masuklah mereka ke dalam rumah itu dan melihat Anak itu bersama Maria, ibu-Nya, lalu sujud menyembah Dia. Mereka pun membuka tempat harta bendanya dan mempersembahkan persembahan kepada-Nya, yaitu emas, kemenyan dan mur.'

(20) Sawise mangkono, sarehne padha tanpa wangsiting Pangeran ing sajroning pangimpen, supaya aja bali sowan ing ngarsane Sang Prabu Herodhes, mulane mulihe menyang tanahe padha metu ing dalan liyane.

'Dan karena diperingatkan dalam mimpi, supaya jangan kembali kepada Herodes, maka pulanglah mereka ke negerinya melalui jalan lain.'

Tuturan TTLN (16-20) dituturake dening Majelis Aris Dwi Cahyono kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutur kanthi umur tuwa, enom, uga umur bocah, jinis kelamin lanang lan wedok, status ekonomi cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi sak pasamuhan ing GKJW Jatiwringin. Dene kahanan sosial ing tu turan kuwi yaiku kahanan kang resmi.

Isi saka tuturan kang bisa di tanpa mitra tutur sajrone dhata ing nduwur utawa pamaosan firman saka Matius 2 ayat 1-12 yaiku martakake mligine ing ayat 8-12. Martakake yen ta ana salah sawijining putraning manungsa kang ora lumrahe putra manungsa yaiku gusti kang manjelma dadi manungsa kang bakal nuntun umate manungsa menyang dalane bebener. Kalairan iku mau kanthi pratandha kemerlaping lintang ana ing sisih wetan, uga di cariyosake ing sajrone pamaosan ing nduwur bakale para imam marak sowan lan nyembah marang bayi kang nembe lair kuwi mau.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Nuduhake

6. Bab pangadilan kang wekasan (Minggu, 1 Januari 2018- MDDC- MAT 25:31-46)

'Penghakiman terakhir'

(21) 'Besuk manawa Putraning Manungsa rawuh ngagem kamulyane lan sakabehing padha

ndherekake, Panjenengane banjur lenggah ing dhampar kamulyan.

'Apabila Anak Manusia datang dalam kemuliaan-Nya dan semua malaikat bersama-sama dengan Dia, maka Ia akan bersemayam di atas takhta kemuliaan-Nya.'

(22) Sakehing bangsa nuli bakal kaklumpukake ana ing ngarsane lan bakal kapisah-pisah siji lan sijine, kayadene pangon anggone ndhewek-ndhewekake wedhus gembel karo wedhus jawa,

'Lalu semua bangsa akan dikumpulkan di hadapan-Nya dan Ia akan memisahkan mereka seorang dari pada seorang, sama seperti gembala memisahkan domba dari kambing,'

(23) Kang gembel dipapanake ana ing tengene, dene wedhus jawa ana ing kiwane.

'dan Ia akan menempatkan domba-domba di sebelah kanan-Nya dan kambing-kambing di sebelah kiri-Nya.'

(24) Tumuli Sang Nata bakal ngandika marang kang ana tengene: Heh, para kang binerkahan dening RamaningSun, mara, padha tampanana warisan Kraton, kang wis kacawisake marang sira wiwit dumadining jagad.

'Dan Raja itu akan berkata kepada mereka yang di sebelah kanan-Nya: Mari, hai kamu yang diberkati oleh Bapa-Ku, terimalah Kerajaan yang telah disediakan bagimu sejak dunia dijadikan.'

Tuturan TTLN (21-24) dituturake dening Majelis Daniel Dwi Cahyono kanthi umur enom, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutur kanthi umur tuwa, enom, uga umur bocah, jinis kelamin lanang lan wedok, status ekonomi cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi sak pasamuhan ing GKJW Jatiwringin. Dene kahanan sosial ing tu turan kuwi yaiku kahanan kang resmi.

Isi saka tuturan kang bisa di tanpa mitra tutur sajrone dhata ing nduwur utawa pamaosan firman saka Matius 25 ayat 31-46 mligine ing ayat 31-34 yaiku nuduhake yen ta mbesuk nalikane putraning Allah rawuh ing ngalam ndonya banjur para umate tumut panjenengane ing dampar kamulyan lan ing kono bakale di pilah-pilah miturut antaring manungsa kang nduweni tumindak becik lan ala nalika urip ngalam ndonya.

Tindak Tutur Lokusi Ngandharake kang Nyritakake

7. Gusti Yesus nggelarake Injil ana ing Galilea (Minggu, 21 Januari 2018- MIP- MAR 1:14-20)

'Yesus tampil di Galilea'

(25) Barang Nabi Yokanan wis kacepeng, Gusti Yesus rawuh ing tanah Galilea, nggelarake Injiling Allah,

'Sesudah Yohanes ditangkap datanglah Yesus ke Galilea memberitakan Injil Allah,'

(26) Pangandikane: 'Iki wis tekan ing titimangsane; Kratoning Allah wus cedhak. Padha mratobata, lan pracayaa marang Injil!'

'kata-Nya: 'Waktunya telah genap; Kerajaan Allah sudah dekat. Bertobatlah dan percayalah kepada Injil!'

(27) Nalika Gusti Yesus tindak ana ing urut pinggire sagara Galilea, mirsa Simon karo Andreas sadulure Simon, lagi padha nibakake jala ing sagara, amarga padha dadi tukang golek iwak.

'Ketika Yesus sedang berjalan menyusur danau Galilea, Ia melihat Simon dan Andreas, saudara Simon. Mereka sedang menebarkan jala di danau, sebab mereka penjala ikan.'

(28) Banjur padha didhawuhi Gusti Yesus mangkene: 'Ayo, padha melua Aku, kowe bakal Dakdadekake tukang golek uwong.'

'Yesus berkata kepada mereka: 'Mari, ikutlah Aku dan kamu akan Kujadikan penjala manusia.'

(29) Sakarone nuli enggal-enggal ninggal jalane lan ndherekake Panjenengane.

'Lalu mereka pun segera meninggalkan jalanya dan mengikuti Dia.'

Tuturan TTLN (25-29) dituturake dening Majelis Inu Pikso kanthi umur tuwa, jinis kelamin lanang lan status ekonomi sosial sedhengan. Mitratutur kanthi umur tuwa, enom, uga umur bocah, jinis kelamin lanang lan wedok, status ekonomi cendhek, sedhengan, lan dhuwur. Panutur lan mitratutur nduweni relasi sak pasamuhan ing GKJW Jatiwringin. Dene kahanan sosial ing tu turan kuwi yaiku kahanan kang resmi.

Kanthi dhasar dhata utawa pamaosan firman ing markus 1 ayat 14-20 bisa kalebu isi tuturan kang nyeritakake jalaran sajrone pamaosan kasebut nyeritakake ngenani Gusti Yesus pepanggihan kaliyan sakabate ingkang kawitan yaiku simon lan andreas. Gusti Yesus banjur ngendika marang kekarone supaya nderekake Gusti Yesus nalika kekarone njala iwak ing salah sawijining kali ing galilea.

Wujud Tindak Tutur Perlokusi Direktif Sajrone Pamaosan Firman Ibadah Minggu ing GKJW Jatiwringin

Sajrone subbab iki bakal ngandharake lan njlentrehake ngenani wujud tindak tutur perlokusi direktif. Kang menehi pangaribawa kang becik supaya jemaat ing GKJW Jatiwringin luwih sregep menyang ibadah lan luwih sregep manembah marang Gusti kang tansah paring berkat ing saben dinane. Rustono (sajrone Elisabet,2017:64) tindak tutur perlokusi direktif uga disebut tindak tutur impisiotif yaiku tindak tutur kang nduweni maksud supaya mitra tutur nglakoni isi tuturan kang dituturake dening panutur.

8. Gusti Yesus wiwit paring sumurup bab bakal sangsara lan sedane; Petrus kadukunan (Minggu, 25 PEBRUARI 2018- MRTC- MAR 8:31-38)

'Pemberitahuan pertama tentang penderitaan Yesus dan syarat-syarat mengikut dia'

(30) Gusti Yesus tumuli wiwit mulang marang para sakabate, yen Putraning manungsa iku kudu nglampahi sangsara akeh, sarta ditampik dening para pinituwa lan para pangareping imam tuwin para ahli Toret, banjur disedani lan sawise telung dina wungu maneh.

'Kemudian mulailah Yesus mengajarkan kepada mereka, bahwa Anak Manusia harus menanggung banyak penderitaan dan ditolak oleh tua-tua, imam-imam kepala dan ahli-ahli Taurat, lalu dibunuh dan bangkit sesudah tiga hari.'

(31) Bab iki dipangandikakake kanthi ngeblak. Nanging Petrus banjur nggered minggir Gusti Yesus lan ngaturi pepenget Panjenengane.

'Hal ini dikatakan-Nya dengan terus terang. Tetapi Petrus menarik Yesus ke samping dan menegor Dia.'

(32) Gusti Yesus nuli minger lan kalawan mirsani para sakabate, Petrus didukani: 'Sumingkira, heh, Iblis, sabab kowe ora mikir apa kang digalih dening Gusti Allah, nanging apa kang dipikir dening manungsa.'

'Maka berpalinglah Yesus dan sambil memandang murid-murid-Nya Ia memarahi Petrus, kata-Nya: 'Enyahlah Iblis, sebab engkau bukan memikirkan apa yang dipikirkan Allah, melainkan apa yang dipikirkan manusia.'

(33) Gusti Yesus tumuli nimbali wong akeh karo para sakabate sarta padha dipangandikani mangkene: 'Saben wong kang arep ngetut-buri Aku, iku nyingkura marang awake dhewe, ngangkata salibe lan melua Aku.

'Lalu Yesus memanggil orang banyak dan murid-murid-Nya dan berkata kepada mereka: 'Setiap orang yang mau mengikut Aku, ia harus menyangkal dirinya, memikul salibnya dan mengikut Aku.'

(34) Amarga sing sapa kumudu-kudu nylametake nyawane, iku bakal kelangan nyawane, nanging sing sapa kelangan nyawane marga saka Aku lan marga saka Injil, iku bakal nylametake nyawane.

'Karena siapa yang mau menyelamatkan nyawanya, ia akan kehilangan nyawanya; tetapi barangsiapa kehilangan nyawanya karena Aku dan karena Injil, ia akan menyelamatkannya.'

Dhata ing nduwur mujudake TTPD kang wujud direktif adhedhasar isi saka tuturan. Wujud perlokusi direktif saka dhata ing nduwur utawa saka pamaosan markus 8 ayat 31-38 mligine ana ing ayat 31-35 yaiku pamaos firman ngejak jemaat utawa mitra tutur supaya pracaya marang gusti lan uga gelem mikul salibe kang nduweni teges miturut marang laku jlantraning gusti bakal di slametake lan dipunparingi kamulyan ing swarga ing tembe mburine. Dadi jelas tuturan kuwi ngandhut maksud tartamtu kang dituturake utawa diduduhake marang mitra tutur. Tuturan kasebut klebu tindak tutur perlokusi amarga tuturane kasebut ngajak supaya mitra tutur nindakake apa kang dikarepake dening panutur lan menahi pangaribawa sregepe manambah marang Gusti.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan lan jlentrehan ing bab papat, bisa didudut jinise tindak tutur lokusi ngandharake sajrone pamaosan firman ing ibadah minggu GKJW Jatiwringin adhedhasar lageyane panutur diperan dadi loro yaiku cara blakalan ora blaka.

Adhedhasar panampane mitra tutur, isi tindak tutur lokusi ngandharake lan perlokusi direktif sajrone pamaosan firman ibadah minggu ing GKJW Jatiwringin, Ds.Sukoharjo Kec.Kayen Kidul Kab.Kediri bisa kaperang dadi lima yaiku nuturi, mbiwarake, martakake, nuduhake lan nyeritakake.

Adhedhasar wujud tindak tutur perlokusi direktif pamaosan firman ing GKJW Jatiwringin Desa Sukoharjo Kabupaten Kediri, Majelis minangka pamaos firman utawa bisa kasebut panutur nduweni daya pangaribawa marang mitra tutur dadi luwih bisa pracaya marang Gusti lan luwih sregep anggone manambah lan ngibadah. Panutur nggunakake cara ngejak lan ngongkon jemaat utawa mitra tutur nglakoni apa wae kang diandharake ing pamaosan firman kang diwaca ing saben ibadah minggu kaitung wiwit tanggal 01 Januari 2018 nganti 27 Juni 2018.

Panliten ngenani TTLNLPD adhedhasar lageane panutur, panampane mitra tutur lan wujud perlokusi direktif kanthi lelandhesan sumber, struktur sosial, relasi sosial, norma sosial uga kahanan sosial isih akeh kang durung diteliti kanthi jeru. Dhata sing kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti rumangsa yen panliten iki isih akeh kurange. Mula saka kuwi TTLNLPD isih perlu dirembakakake supaya luwih sampurna.

Pamrayoga

Panliten iki mung ngrembug saperangan jinise tindak tutur sajrone pacaturan kru bis Malangan. Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan. Jinis-jinis liya saka tindak tutur sajrone pacaturan kru bis Malangan isih durung kabedhah kanthi rowa, padahal isih akeh jinis tindak tutur sing ana sajrone TTSPKBM iki. Dhata kang kurang jangkep lan bab-bab liya njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti isih rumangsa akeh kurange. Mula butuh dianakake panliten sing mirunggan babagan tindak tutur sajrone pacaturan kru bis Malangan kanthi luwih njlimet.

KAPUSTAKAN

- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbitan Soejadi
- Arikunto, S. (2006) *Prosedur Penelitian Suatu pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Arikunto, S. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- BMGJ. 2001. *Kidung Pasamuhan Kristen*. Malang: BMGJ
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- Ditya (2010) 'Tindak Tutur Nyemoni ing Masyarakat Kecamatan Pare, Kabupaten Kediri': Kajian Sosiopragmatik. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD FBS-Unesa
- Felicia, 2001. *Peranan dan Fungsi Bahasa*. Jakarta Rineka Cipta
- Gunarwan, Asim. 2004. 'Dari Pragmatik ke Pengajaran Bahasa' dalam *Seminar Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah*. Makalah. Singaraja: IKIP Singaraja
- Hadiwidjana, R. D. S. 1967. *Tata Sastra*. Jogjakarta: U. P. Indonesia Sasangka, Sry Satriya
- Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- IKAPI. 2010. *Alkitab*. Bogor: Percetakan Lembaga Alkitab Indonesia
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional
- Niyawati, Iros. 2017. *Tindak Tutur Direktif Guru Perempuan dalam Pembelajaran bahasa Indonesia Kelas XI SMA Negeri 1 Seputih Mataram Kabupaten Lampung Tengah Tahun Pelajaran 2016/2017*. (online) (<https://www.google.com/search?safe=strict&client=ms-opera-mini-android&channel=new&q=skripsi+tindak+tutur+direktif+guru&oq=skripsi+tindak+tutur+direk&aqs=mobile-gws-lite.3.0l5> diunduh 17 Oktober 2018).
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Kristanti, Fitri. 2014. *Tindak Tutur Direktif Dalam Dialog Film "Ketika Cinta Bertasbih" Karya Chaerul Ulu*. (online) (<http://eprints.uny.ac.id/17276/1/Fetri%20Kristanti%2009210144019.pdf>, diunduh 17 Oktober 2018).
- Leech, Geoffrey. 1983. *Principles of Pragmatics*. London: Longman.
- Longman. Tarigan, H.G. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Mulyana, Deddy. 2007. *Ilmu Komunikasi : Suatu Pengantar*. Bandung : PT Remaja Rosdamaya
- Mangunswita. S. A. 2007. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: CV. Yrama Widya
- Mahardin, Novia Widi (2018) 'Tindak Tutur Nuturi Anak ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro' (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Nurhandriana (2014) 'Tindak Tutur Menging ing Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung' (Kajian Pragmatik). (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Parera, Jos Daniel. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga
- Sorge, Bob. 2016. *Mengungkap Segi Pujian & Pujian*. Yogyakarta: Andi
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Setiawan (2013) 'Tindak Tutur Penyiar ing Giyaran "Mangga Tresna Budaya" Radio Mth Fm Surabaya'. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Santoso, Riyadi. 1999. *Semiotika Sosial Pandangan terhadap Bahasa Jawa Tengah*: JP Press Pustaka Eurika
- Schiffirin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar (Editor: Abd. Syukur Ibrahim)
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sutabri, Tata. 2012. *Konsep Sistem Informasi*. Yogyakarta: Andi Offset, CV.
- Surana, S.S., M.Hum., I Dewa Putu Wijana, S. U. M. A., & Poedjosoedarmo, S. 2015. *Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor* (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada). (online). (http://etd.repository.ugm.ac.id/index.php?mod=book_detail&sub=BookDetail&act=view&typ=html&id=87892&obyek_id=4&unitid=&jenis_id=, diakses 17 Oktober 2018)
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa Cummings, Louise. 1999.

Pragmatik Sebuah Perspektif Multidisipliner
(Jarwan). Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*: Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Wijayanti, Arie Elisabet. 2017. *Tindak Tutur Pada Iklan Radio Di Yogyakarta*.(online)
(https://repository.usd.ac.id/12406/2/101224037_full.pdf,diunduh 17 Oktober 2018).



UNESA
Universitas Negeri Surabaya